



Pou Piblikasyon Imedya: 22/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO NOMINASYON NAN ADMINISTRASYON AN

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo nominasyon nan administrasyon an.

"Pandan administrasyon mwen an ap travay pou bay rezilta pou tout Nouyòkè yo, li enpòtan pou nou pote meyè yo ak pi entèlijan yo pou rezoud defi ki pi presan nan eta nou an ak trase chemen an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk antesedan divèsifye ak richès eksperyans n ap ajoute nan ekip nou an, nou pral travay avèk patnè yo nan tout nivo pou fè eta nou an avanse epi fè travay la pou Nouyòkè yo."

Jeffrey H. Pearlman te nonmen kòm **Konseye Espesyal Gouvènè a.** Mesye Pearlman te sèvi dènyèmman nan yon dezyèm manda kòm Direktè Biwo Bidjè Otorite yo, ki fèt pou rann otorite piblik yo pi responsab ak transparan, epi pou aji nan enterè piblik la selon objektif ki te prevwa yo. Li te sèvi anvan sa kòm Chèf Pèsonèl ak Konseye Gouvènè Kathy Hochul. Anvan sa, Mesye Pearlman te sèvi kòm Chèf Pèsonèl nan Konferans Demokratik Sena Eta New York la. Mesye Pearlman te anvan sa Konseye nan kabinè avoka Greenberg Traurig kote domèn pratik li te gen ladan Zafè Gouvènman an ak litij, espesyalize nan Etik, Lwa sou Libète Enfòmasyon, Lwa Elektoral ak lòt zafè ki gen rapò ak kliyan. Anplis de sa, Mesye Pearlman te yon Konseye Asistan pou Gouvènè David Paterson. Mesye Pearlman te sèvi kòm yon moun nan ekip la nan Asanble Eta New York ak Sena Eta New York la pandan li te travay pou Manm Asanble, Ivan Lafayette, ak Senatè Eta Liz Krueger, Martin Connor, David Paterson, Jeremy Weinstein, Donald Halperin ak Manfred Ohresntein. Mesye Pearlman te sèvi tou kòm estajyè jidisyè pou Jij Tribinal Siprèm New York, Louis Benza. Li gradye nan SUNY New Paltz ak Albany Law School epi rete nan Albany, New York.

Micah Lasher, te nonmen kòm **Direktè Politik.** Mesye Lasher te sèvi nan yon gam wòl lidèchip nan sektè prive, piblik ak san bi likratif yo. Li te Chèf Règleman ak Kominikasyon pou Sidewalk Labs, yon konpayi Alphabet (Google) ki konsantre sou inovasyon nan teknoloji ak konsepsyon iben pou rezoud difikilte vil yo nan monn lan ap fè fas. Anvan sa, li te sèvi kòm Chèf Pèsonèl nan Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la kote li te jere yon òganizasyon gouvènman an ki gen 1,800 anplwaye, ki bay sipèvizyon dirèk pou zafè ki trè enpòtan ak delika yo, epi te ede retabli New York kòm yon lidè pwogresis pami pwokirè eta a yo an jeneral. Kòm Direktè Zafè Lejislatif pou Vil New York soti 2010 rive 2012, Mesye Lasher te reprezante Majistra Michael R. Bloomberg devan gouvènman Eta New York la, sa ki te mennen nan travay fòmilasyon ak avansman ajanda lejislatif la pou plis pase senkant ajans vil, ak negosye akò

konplèks avèk gouvènè ak lejislati a. Mesye Lasher te Diirektè Egzekitif Zafè Ekstèn pou Depatman Edikasyon Vil New York la tou, yon èd pou Manm Kongrè Jerry Nadler ak yon patnè fondatè kabinè konsiltasyon kominikasyon yo ki rele kounye SKDKnickerbocker. Aktivman enplike nan zafè sivik ak politik Vil New York, Mesye Lasher sèvi kòm yon administratè òganizasyon san bi likratif, sa gen ladan Riverside Park Conservancy (ke li prezide), Community Service Society ak Everytown for Gun Safety. Mesye Lasher se yon gradye nan Inivèsite New York kote li te resevwa yon Lisans (B.A.) nan Sosyoloji.

Lionnie T. Threatte te nonmen kòm **Direktè Adjwen Politik**. Mesye Threatte te sèvi tou resamman kòm Asistan Direktè Adjwen Biwo Pwogram ak Konseye nan Eta New York kote li t ap dirije yon ekip analis politik ak konseye. Anvan sa, li te sèvi kòm Vis Prezidan Zafè Ekstèn pou Kòporasyon Sèvis Edikasyon Siperyè epi kòm Asistan Sekretè Adjwen pou Edikasyon nan Chanm Egzekitif Biwo Gouvènè a. Mesye Threatte te kòmanse karyè li nan Komite Metòd ak Mwayen (Ways and Means Committee) Asanble Eta New York la kote li te grandi nan wòl analis pou Direktè Adjwen Etid Bidjè yo. Mesye Threatte te genyen Lisans (B.A.) nan Gouvènman nan Inivèsite Dartmouth (Dartmouth College) ak Metriz nan Administrasyon Piblik li a nan Maxwell School of Citizenship epi Zafè Piblik nan Inivèsite Syracuse.

Chatodd Floyd, te nonmen kòm **Sekretè Adjwen pou Zafè ak Règleman Lejislatif**. Anvan nominasyon li kòm Sekretè Adjwen, Mesye Floyd te sèvi kòm Direktè Zafè Lejislatif kote li te sèvi kòm lyezon ant Sena ak Asanble a epi te sipèvize tou pwòje espesyal yo tankou Gwoup Travay sou Ekite Vaksen Eta New York la ki bay edikasyon ak sansibilizasyon pou kominote koulè yo. Anvan li te antre nan Biwo Gouvènè a, Mesye Floyd te Chèf Adjwen Pèsonèl pou biwo Majistra Vil New York la. Pandan tan li nan Meri a, Mesye Floyd te sèvi nan yon bann wòl sa gen ladan Direktè Pwovizwa Zafè Lejislatif Eta a, ap sipèvize zafè lejislatif eta a nan non Vil la ansanm ak Direktè Zafè Entègouvènmanal pou Biwo Jistis Kriminèl Majistra a. Mesye Floyd te kòmanse karyè li kòm Sèvis Eta a kòm Manm Lejislatif pou Senatè Ruth Hassell-Thompson (Bronx/Westchester) epi li te sèvi tou kòm Analis Bidjè Lejislatif pou Komite Metòd ak Mwayen nan Asanble Eta New York la. Mesye Floyd se yon natif natal Columbia, SC epi gen yon lisans nan Etid Ameriken nan Inivèsite Emory ak yon Doktora nan Inivèsite Cincinnati College of Law.

Veronica Ng te nonmen kòm **Sekretè Asistan pou Zafè Lejislatif**. Anvan li te rejwenn Biwo Gouvènè a, Madan Ng te ede Sena Eta New York la garanti yon majorite kalifye kòm konsiltan prensipal nan Parkside Group. Madan Ng te sèvi anvan sa kòm Direktè Zafè Ekstèn pou Gouvènè Hochul ki te Gouvènè Adjwen lè sa a epi te travay anvan sa nan relasyon ekstèn nan Konferans Demokratik Sena a epi kòm Direktè Kominikasyon pou Mark Weprin ki te Manm Konsèy la lè sa a. Li gen yon Lisans (B.A.) nan Syans Politik ak Antwopoloji nan Hunter College. Li fèt ak grandi nan Queens, li rete nan Jackson Heights, li fè maraton 2 fwa epi gen yon rekò nan leve pwa (powelifter).

Sandra Rivera Esq. te nonmen kòm **Konseye Prensipal Zafè Lejislatif**. Anvan sa, Madan Rivera te nan aktivite prive ap konseye kliyan yo sou yon seri zafè ki gen rapò

ak teknoloji ak devlopman ekonomik, sante ak sèvis sosyal ak jistis kriminel ak sosyal. Tou dènyèman, li te sèvi kòm Direktè pwòp kabinè li, Rivera Law, PLLC. Anplis de sa, li te nonmen kòm Komisè Komisyon Jidisyè Franklin H. Williams nan Biwo Administrasyon Tribinal la. Li te sèvi tou nan yon seri wòl lidèchip nan Asosyasyon Bawo Eta New York la epi te Prezidan Konsèy Administrasyon Avoka sou Planifikasyon Familyal nan Eta New York. Anvan li te antre nan lekòl dw, Madan Rivera te kòmanse karyè li kòm yon manm lejislatif la nan Biwo Lidè Majorite nan Asanble Eta New York la. Madan Rivera gradye nan Inivèsite nan Albany kote li te resevwa yon lisans (B.A.) nan Antwopoloji ak Kominikasyon Politik. Li te resevwa yon diplòm Doktora Jiridik (J.D.) nan Albany Law School epi li gen otorizasyon pou egzèse nan New York.

Rhay Guillen te nonmen kòm **Direktè Zafè Lejislatif**. Mesye Guillen te sèvi anvan sa kòm Konseye Prensipal pou Zafè Lejislatif nan Chanm Egzekitif New York la. Li te sèvi tou kòm Sekretè Adjwen pou Zafè Entègouvènmantal pou Prezidan Asanble Eta New York la, Carl Heastie, ak yon Kowòdonatè Rejyonal pou Biwo Kominikasyon ak Sèvis Enfòmasyon Asanble Eta New York la. Anplis de sa, Mesye Guillen te travay kòm yon Kowòdonatè pou Komite Kanpay Asanble Demokratik la. Li te kòmanse karyè li nan biwo Manm Kongrè Niki T songas ak Manm Kongrè Dan Maffei. Mesye Guillen se natif natal Sid Bronx epi li gen yon lisans (B.A.) nan SUNY Oswego.

Matthew Pennello te nonmen kòm **Direktè Zafè Kabinè**. Tou dènyèman, Mesye Pennello te sèvi kòm Direktè Lejislatif ak Zafè Entègouvènmantal pou Depatman Fiskalite ak Finans Eta New York la. Anvan sa, li te sèvi nan Chanm Egzekitif Eta New York la kòm Asistan Espesyal Gouvènè a pou Zafè Lejislatif, Reprezantan Rejyonal pou Mohawk Valley ak Asistan Direktè pou Zafè Entègouvènmantal New York Santral avèk Depatman Travay Eta New York la. Li te sèvi tou kòm yon Konseye Politik pou Vil Syracuse. Mesye Pennello te konseye ak travay tou nan kanpay lokal, kongrè ak eta a yo nan Eta New York. Li se yon natif natal Cortland epi te resevwa yon Lisans (B.A.) nan Syans Politik ak Ekonomi nan SUNY Cortland, kote li te genyen tou yon Bousdetid Rechèch SUNY pou etidye efè teworis sou teyori konstitisyonèl modèn lan.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)